

Bonjou, non mwen se Rich Specht, e mwen se Samantha Specht. Nou pèdi pitit gason nou an, Reese, ki te gen 22 mwa, nan yon aksidan nwayad, e nou pa vle istwa nou tounen istwa pa w. Mwen konnen ke dènye bagay ou ta vle panse, pandan w kenbe ti mirak sa a nan bra w, se posibilite pou pèdi li, men nwayad ka rive vit e san bri. Jou nou pèdi Reese la, se te de jou anvan gwo Tanpèt Sandy te frape, e pou m te pare, mwen t ap okipe mèb lakou nou yo, e mwen te mande yon zanmi pou l vini ede m siveye Reese pandan m t ap okipe mèb yo. Yon senp ti mank kominikasyon ant zanmi m nan avèk mwen te lakoz sa, kote li te panse Reese te avèk mwen, mwen te panse Reese te avèk li, e nan senk minit kote ni youn nan nou pa t avèk li, li te pran wout pou li ale nan lakou dèyè lakay la epi li tonbe nan ti letan dekoratif la epi li nwaye.

Nwayad se prensipal koz lanmò timoun ki gen youn rive kat lane. Sa ka rive vit e san bri.

Li difisil pou kwè, men yon timoun ka nwaye nan youn a de pous dlo sèlman.

Lè timoun yo ap grandi, risk pou yo nwaye chanje. Dapre Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo, tibebe ki poko gen yon lane gen plis chans pou yo nwaye nan yon benwa. Timoun ki gen yon lane rive kat lane gen plis chans pou yo nwaye nan yon pisin prive.

Timoun ki gen 5 lane rive 14 lane gen plis chans pou yo nwaye nan dlo lanati oswa nan pisin.

Men kijan ou ka kenbe pitit ou an sekirite:

Lè pitit ou nan dlo oswa menm toupre dlo, pa janm kite yo pou kont yo, menm pou yon ti moman epi pa kite yo sou kont yon lòt timoun piti.

Toujou kenbe tibebe ou nan yon distans kote ou ka lonje men w pou w pran l.

Mete sèvyèt ak tout sa w ap bezwen pou benyen tibebe w la tou pre w anvan ou kòmanse. Konsa ou ka toujou kenbe men w sou tibebe w la. Si ou bezwen sòti nan twalèt la, mennen tibebe w la avèk ou --- menm si w ap itilize yon ti benwa oswa yon chèz sipò pou benyen tibebe. Benwa ak chèz yo ka chavire.

Anvan ou mete tibebe w la nan yon benwa, tcheke tanperati dlo a ak men w. Asire w li pa twò frèt ni twò cho.

Pa kite bouchon drenaj benwa a ladann lè ou p ap sèvi avè l. Konsa, benwa a p ap plen si yon timoun louvri tiyo a.

Si ou pa nan pyès la, fèmen pòt twalèt la pou plis sekirite.

Vide bokit, benwa, glasyè, ak ti pisin gonflab yo chak fwa ou fin sèvi ak yo.

Lè timoun ou piti anpil, kòmanse aprann li mande yon granmoun pèmisyon anvan li rantre nan dlo.

Si ou gen aksè ak yon pisin, asire w li gen yon kloti toutotou l, espesyalman nan bò ki ant pisin nan ak kay la. Asire w baryè pisin nan fèmen ak bloke otomatikman poukont li. Evite kite baryè a louvri pou nenpòt rezon. Alam pisin yo kapab ajoute yon lòt kouch pwoteksyon lè li detekte mouvman nan dlo a. Sa pral avèti w lè yon moun tonbe nan pisin nan.

Toujou siveye timoun yo lè yo bò dlo. Chwazi yon granmoun ki pral veye timoun yo nan dlo a san distraksyon. Si yon timoun disparèt, tcheke dlo a an premye pou asire w li pa nan danje imedya. Aprann reyanimasyon kadyopilmonè. Konnen kijan pou w jwenn èd nan ka ijans.

Naje nan zòn ki gen pwofesyonèl sovtaaj yo. Pa gen anyen ki ka ranplase sipèvizyon yon granmoun ki san distraksyon nan dlo ak bò dlo. Sa a se yon verite menm si yon timoun ka naje byen.

Tout moun dwe mete yon jilè sovtaaj ke Gad Kòt apwouve lè yo sou bato, kannòt, kayak, oswa planch ak ram. Evite objè gonflab pou pisin. Sevi ak jilè sovtaaj ke Gad Kòt apwouve lè ou nan dlo oswa tou pre dlo.

Ou kapab evite nwaye. Lè ou aprann sekirite nan dlo ak kijan pou naje, sa ka diminye risk pou nwaye. Ou ka kòmanse leson natasyon ak yon timoun ki gen yon lane. Kou pou paran-timoun yo ka yon fason amizan pou prezante pitit ou a nan dlo pi bonè toujou.

Chèche kou ke yo bay nan kominote w la. Lè ou konnen kijan pou naje, sa ap ede ni ou ni pitit ou a jwi plizyè ane plezi nan dlo.